

## RINGKESAN

**Disty Fairuz Tama, 2024. Analisis Cadangan Karbon Tersimpan Dina Tangkal di Ruang Terbuka Hijau (RTH) Taman Tegalega Kota Bandung. Dibimbing ku Dr. Ida Yuyu Nurul Hizqiyah S.Pd., M.Si., sareng Cita Tresnawati M.Pd**

Masalah lingkungan anu dihadapkeun kiwari nyaeta pemanasan global sareng parobahan iklim. Salah sahiji panyabab pemanasan global nyaeta ningkatna polusi udara. Nyayagikeun ruang terbuka héjo (RTH) mangrupikeun léngkah anu éfektif pikeun ngurangan dampak pemanasan global, margi tatangkalan anu janten élemén utama RTH gaduh kamampuan nyedot émisi CO<sub>2</sub>, sahingga ngabantos ngirangan konsentrasi CO<sub>2</sub> di lingkungan. Sajaba ti éta, tatangkalan di RTH ogé ngahasilkeun oksigén (O<sub>2</sub>) anu kacida pentingna pikeun ngadukung prosés métabolisme mahluk hirup. Panalungtikan ngeunaan cadangan karbon ditujukeun pikeun nyayagikeun data ka para pangurus taman dina mangpaatkeun taman kota minangka upaya mitigasi parobahan iklim. Méthode anu dianggo dina panalungtikan ieu nyaeta déskriptif kuantitatif, ku jalan nyokot sampel ngagunakeun méthode sensus sareng modél purposive sampling, dimana sakabéh tangkal anu gaduh diaméter 20 cm dicandak minangka sampel. Hasil panalungtikan nunjukkeun yén Taman Tegalega di Kota Bandung gaduh total cadangan karbon sabesar 90.178,02 kg, kalayan cadangan karbon pangluhurna dina tangkal *Swietenia macrophylla* (mahoni daun lebar) sabesar 23.148,58 kg sareng nilai biomassa sabesar 46.297,15 kg. Sedengkeun cadangan karbon panghandapna kapanggih dina tangkal *Mangifera indica* (mangga) kalayan nilai 91,8 kg sareng nilai biomassa 183,59 kg. Luhurna cadangan karbon dipangaruhan ku sababaraha faktor saperti kerapatan vegetasi, diaméter batang, beurat jenis kai, sareng faktor lingkungan, utamina inténsitas cahaya panonpoé.

**Kecap konci:** Biomassa, Cadangan Karbon, Ruang Terbuka Hijau, Taman Tegalega